



E-HANDOUT MATA KULIAH  
PAKELIRAN GAYA POKOK II

## PERTEMUAN KE-12

LAKON  
“WAHYU PURBA SEJATI”  
(Pathet Nem)

PROGRAM STUDI S1-SENI PEDALANGAN  
INSTITUT SENI INDONESIA SURAKARTA

**Keterangan:**

- Ada-ada Srambahana Dasakumara tampil dengan kayon di Angkasa, sambil dialog.

**DASASUKMA:**

Patikmas kumala inten ya bandhaku ya donyaku ... lha layak, dakgolèki nganti teka negara Dwarawati ora ketemu; jebul putri kang tuhu titising Sri Widawati mapan ana kéné. Waaaaa .., manut aturé ‘Drajit putri iki sing aran Bratajaya ya Lara Ireng, sajaké kok bener nitik cahyané katon sumunar mawa cahya saya mimbuhi endahing warna, wa ... tiwas kebeneran, aku ngambah palémunan mangsa ana kang bisa nyumurupi; hé ... para ratu aja padha alok kélangan Bratajaya dak cidra!

**Keterangan:**

- Gending Sampak, Dasakumara membawa Laraireng pergi.
- Gending seseg semua terkejut, gending suwuk, dialog.

**BALADÉWA:**

Yayi Kresna, adhimu Bratajaya mau menyang ngendi, jebul ilang tanpa sabab, kowé kuwi kok malah énak-énak sajak kaya ora ana apa-apa ki karepmu piyé, wong tuwa

mbentoyongé kaya ngéné, malah kowé mung sakkepénaké dhewe.....!

### **KRESNA:**

Menawi kula ngaten boten rumaos kécalan, déné menawi wonten pyayi kapitunan mangka boten purun madosi, lha punika lepatipun piyambak.

### **Keterangan:**

- **Gending Sampak, Premadi dan panakawan dientas, gending suwuk, dialog.**

### **BALADÉWA:**

Ora ... sing kok semoni ki sapa „, hlo Premadi mau nyang ngendi?

### **KRESNA:**

Panginten kula temtu madosiicalipun Bratajaya, mila kaka prabu mangga sami dipun awat-awati.

### **Keterangan:**

- **Gending Sampak, Baladewa dan kresna dientas.**
- **Dasakumara tampil membawa Laraireng diikuti Premadi.**
- **Gending suwuk, Ada-ada tampil Dasakumara, Laraireng dan Premadi, dialog.**

## **DASASUKMA:**

Waa ... kelakon idham-idhamanku nggonku kepéngin anggarwa titising Sri Widowati. Mangsa padha weruha yèn Bratajaya aku sing nyidra. Hé... wong ayu, apa bener kowé kang sesilih Bratajaya?

## **BRATAJAYA:**

Hiya maling, aku arep kokgawa menyang ngendi? Gagé aku balèkna maling.

## **DASASUKMA:**

Ééééé ... piyé...? Balèkké...? Adoh-adoh diluru, bareng wis klakon takgawa jebul 'kon mbalèkké, éman, éman ... Ha ha ha ... Ngertiya wong ayu, kowé bakal tak ajak menyang negaraku Tawanggantungan. Pamrihku bakal takpundhut garwa. Ala tanpa rupa wong ayu, aku ratu Tawanggantungan Prabu Dasasukma, ratu sugih bandha bandhu, yèn kowé mung kepéngin nyamping mas ginepeng, mesthi kelakon, apa njaluk dhakon kencana keciké barléyan sing sakkluwak-kluwak gedhéné bakal katurutan, waton gelem dadi garwaku ha ha ha ...

**BRATAJAYA:**

Dasasukma, aku balèkna waé, aja kokpeksa ngladèni kekarepanmu. Premadi, gagé aku tulungana, kok ya kebangeten temen, wis ngetutaké wiwit mau, kok ya ora gelem nulungi.

**PAMADHÉ:**

Gelemé kuwi ya gelem, mengko tiwas taktulungi tibaké kowé seneng karo sing nggawa, apa ora jeneng gawé kagoling ati.

**BRATAJAYA:**

Bat-tobat ... yèn ora gelem ora dadi apa, tak andhangé dhéwé lelakonku.

**DASASUKMA:**

Èèhhh ... iki grenang-greneng karo sapa?

**PAMADHÉ:**

Hèh maling, aja takon dosa rasakna ampuhing tanganku!

**Keterangan:**

- **Gending Sampak**, Premadi menempeleng dasakumara terjatuh, Laraireng ditangkap premade dimasukan digelungnya.
- **Dasamuka tampil dengan premade, gending suwuk**, Ada-ada Jugag, dialog.

### **DASASUKMA:**

Sapa wani ngrebut gawanku?

### **PAMADHÉ:**

Panengah Pandhawa, Radèn Premadi kekasihku,  
 Dasasukma aja kokterusaké nggonmu kepéngin  
 anggarwa kakang mbok ayu Lara Ireng, ngertiya manawa  
 wis kapacangaké karo aku.

### **DASASUKMA:**

Mbuh ora idhep, sing perlu Bratajaya dakjaluk, sapa sing  
 ngalang-alangi daksirnakaké.

### **PAMADHÉ:**

Yèn kok terusaké karepmu, kelakon ana ratu dadi  
 kwandha.

### **DASASUKMA:**

Ééééé ... klakon tak kokop getihmu!

**Keterangan:**

- **Gending Sampak** perang tanding antara Premadi dan Dasakumara.
- **Premadi kalah melepas panah, Dasakumara mati.**
- **Premadi tampil, gending suwuk, dialog**

**PAMADHÉ:**

Hamuk sura mrata jaya mrata, padha mangsa podhoa, ngimbangi prasasat padha, kena jemparingku tanpa mindho kardi temah dadi kwandha, nyata rangkep nyawamu tangiya dakentèni.

**Keterangan:**

- **Ada-ada jugag, Premadi dientas, pocapan.**

**POCAPAN**

Pejah sang Dasasukma, éling-éling naréndraning bekasakan, tuhu kena lara tan kena ing pati, mila nadyan matia kaping pitu sedina, dupi kasiliring samirana, grégah wungu sarwi ngucap wengis; “hèh Premadi aja mlayu...”

**Keterangan:**

- **Gending Sampak, Dasakumara bangun memburu premadi terus mundur, melepas panah setiap mati hidup lagi.**

- Tampil Kresna menerima kedatangan werkudara dan Anoman.
- Gending suwuk ada-ada jugag, dialog.